


## ДÆ ХУАРЗ ДÆХУÆДÆГ КУ НÆ ЛÆДÆРАЙ, УÆД СИ ÆНÆХАЙ КÆНИС!..

***«Уæрæсей фæлхасадон цæстдарди» («Роспотребнадзор») регионалон управлений разамунд рахаста унаффæ нæуæг хуæцгæнези нихмæ вакцинаци æнæмæнгæ кæнуни туххæй. Вакцинаци гъæуама искæнонцæ паддзахадон æма муниципалон службæгæнгутæ, лæггæдтæгæнæн къабази косгутæ. Медицинон æгъдауæй вакцинаци кæмæн не ‘нгъезуй, еци адæм аци унаффæмæ нæ хаунцæ.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№37 (818) 2021 анзи 15 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман

### НОМЕРÆН



ХЕТÆГКАТЫ Къоста

### НЫФС

*Тызмæгæй мæм ма кæс,*
*Мæ фыды зæронд,*
*Дæ зæрдæмæ ма хæсс*
*Мæ зæрдæйы конд!*

*Йæ фыды фæндиаг*
*Кæм вæййы фырт дæр? –*
*Лæппуйæ рæдийаг*
*Нæ вæййы æвзæр!*

*Дæ номыл, дæ кадыл*
*Нæ барын мæхи, –*
*Ныууадз мæ мæ адыл, –*
*Фæндон хорз кæм и?!*

*Æз топпæй нæ хъазын,*
*Æз барæг нæ дæн;*
*Æхсаргард ысласын*
*Мæ бон нæу мæнæн…*

*Фæхудæнт мыл хъалтæ,*
*Ды се 'мбал нæ дæ!*
*Мæ гутон, мæ галтæ –*
*Мæнæн дæр цæттæ!*

*Мæ гутон, мæ галтæ –*
*Мæ фæндыр, мæ зонд;*
*Мæ кадæг, мæ зарæг –*
*Мæ цард хоры конд.*

*Нæ дзыллæйы зæрдæ –*
*Мæ хуымгæнды хай;*
*Нæ бæсты сагъæстæ –*
*Мæ фæззыгон най…*

*Дзаг хорæй мæ хордон,*
*Бæркадджын мæ зæхх,*
*Хæдтулгæ мæ уæрдон,*
*Мæ фæндаг – уæрæх…*

*Мæгуырæй мын ма тæрс,*
*Мæ фыды зæронд, –*
*Дæ зæрдæмæ ма хæсс*
*Мæ зæрдæйы конд!..*

Нæ национ аййевадон литератури бундорæвæрæг Хетæгкати Леуани фурт Къостай райгурдбæл 15 октябри æнхæст кæнуй дууæ æма астинсæй анзи (1859-1906). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 8-аг фарсбæл.




***ХЪУЛЧИТИ** Агкуй фурт Æхсарбеги нæ дзиллæн амонун нæ гъæуй. Искурдиадæгин хирург, медицинон науки архайæг, ахургæндтæн сæ зундгондæртæй еу, уой хъæбæр хуарз зонунцæ айдагъ Иристони нæ, фал уомæй уæлдай ма берæ æндæр рауæнти Уæрæсей дæр æма саууæнгæ фæсарæнти дæр – ке æ уæззау незтæй фæййервæзун кодта, ка ба ин бæрзонд аргъ кæнуй æ агъазиау зонундзийнæдтæ æма фæлтæрддзийнади туххæй. Æма ни федарæй æруагæс кæнуй, уонæй беретæ 18 октябри Æхсарбегæн зæрдиагæй арфитæ кæндзæнæнцæ æ райгурæн бони фæдбæл – æнхæст ибæл кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи. Мах дæр ин зæрдиагæй арфæ кæнæн æма мæнæ абони 4-5-аг фæрстæбæл мухур кæнæн сæрмагонд æрмæг.*

### АХСГИАГ ФАРСТА



## ТЕРРОРИЗМИ НИХМÆ ТОХ – НÆ ЕУМÆЙАГ ИХÆС ÆЙ!..

Республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** архайдта терроризми нихмæ Национ комитети æмбурди. Видеобастдзийнади фæрци конд æрцудæй Мæскуй, амудта 'й Æдасдзийнади федералон служби разамонæг **Александр Бортников**. Архайдтонцæ ма си æдасдзийнади Федералон служби регионалон управлений разамонæг **Игорь Тиньгаев** æма терроризм ма ‘руадзуни къамиси аппарати разамонæг **Олег Баранов**.

Æмбурди дзубанди цудæй Цæгат Кавкази терроризми фудракæндтитæ ма ‘руадзуни туххæй фарстатæбæл. Куд баханхæ кодтонцæ, уотемæй Цæгат Кавкази фæстаг æртæ анзей дæргъи уорæд æрцудæнцæ 20 террористон фудбæлахи, терроризми хæццæ баст æндæр уæхæн фудракæндтитæ ба 30, бæлах исаразунвæндæ кæмæ адтæй, уæхæн адæймæгутæй 84 еуварсгонд æрцудæнцæ, сæ агъазгæнгутæй ба бауорæдтонцæ 379 адæймаги.

Александр Бортников куд радзурдта, уотемæй дуйнеуон террористон организацитæ архайунцæ региони уавæр фудракæндтитæй низгули кæнунбæл, интернетæй пайда кæнгæй, терроризм парахат кæнунцæ, фæсевæдæй кæцидæр хай сæхердигæй фæккæнунцæ, сæ архайдæн æхца иссерунцæ. Муниципалон æмвæзади ахедгæ æма комкоммæ куст кæнунмæ агъазиау æргом æздахуй терроризми нихмæ архайди Национ комитет.

3

### РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 323 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ;
УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 288 СОМИ ÆМА 96 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

***Цæгат Иристони медицинон академий ци фæсарæйнаг студенттæ ахур кæнунцæ, уони хæццæ æрæги фембалдæнцæ хецауадон къабази æма дини косгутæ. Дзубанди си цудæй, цæмæй фæсевæд рæстуодæй архæйуонцæ сæ карнæ аразунбæл, сæхе гъæуай кæнонцæ терроризм æма экстремизм æма æндæр знаггæдтæбæл сæ ахъелгутæй.***

# ЦÆГАТ ИРИСТОН ÆМА Æ ДЗИЛЛИ ХУАРЗÆН РÆСТУОДÆЙ КОСУН – НÆ ЕУГУРЕЙ СÆЙРАГДÆР ИХÆС!..



Нæ Парламент æрæги æ пленарон æмбурди исарази 'й Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** фæндæбæл, цæмæй **Дзанайти Барис** нисангонд æрцæуа Хецауади Сæрдарæй.

– Дзанайти Барис ци бæрнон бунæтти фæккуста нури уæнгæ, уой зонетæ, уæдта уой дæр зонетæ, фæлтæрддзийнадæ имæ ке ес, – загъта Сергей Меняйло æ радзубандий Парламенти æмбурди. – Кæми куста, уонæми алли рауæн дæр æхе равдиста хъæбæр дæснийæй, алли рауæн дæр ин нерæнгæ дæр ма ес устур кадæ. Еумæ берæ рæстæг кæд нæ бакустан, уæддæр балæдæрдтæн, æ кусти ихæстæ æнхæст ке кæнуй бундоронæй æ зонундзийнæдтæ æма æ фæлтæрддзийнадæй дæсни пайда кæнгæй», – загъта Сергей Меняйло æма идарддæр бафеппайдта, республики Хецауади Сæрдарæн æ размæ ке лæуунцæ хъæбæр берæ ихæстæ, уæлдайдæр, Уæрæсей Президент ци унаффитæ рахаста æма ци нисантæ æвæруй, уони æнхæст кæнуни фæлгæти.

Æ радзубандий республики Сæргълæуууæг сæрмагонд æргом раздахта æнхæстгæнæн дисциплинæмæ:

– Республикæн æ размæ ци фарстатæ лæууй, етæ лухкæнуйнаг æнцæ æнтæстгиндæрæй æма никки цубурдæр рæстæгмæ, уой туххæй ба гъæуй нæуæг цæстингас, сæйрагдæр ба – Парламенти æма Хецауади æнгом куст. Еци æмгустæй аразгæ уодзæнæй адæмæн сæ цард æма сæ уавæртæ дæр.

Æргом гъæлæс кæнуни æгъдауæй Парламенти иуонгтæн сæ тæккæ фулдæр – 56 депутати – исрази 'нцæ бавдист кандидатури хæццæ.

Æ цубур радзубандий Дзанайти Барис депутаттæн райарфæ кодта, ке ибæл æууæндунцæ, уой туххæй æма загъта:

– Республики Хецауади сæргъи æрлæуун мæнæн æй устур кади хуасæ, æма зæрдæ æвæрун, мæ кусти ихæстæ цæсгонгинæй ке æнхæст кæндзæнæн æма еци нисанæн мæ хъауритæ æма мæ гæнæнтæ ке нæ бавгъау кæндзæнæн, уомæй.

***

Сергей Меняйло æрæги сæрмагондæй фембалдæй **Тускъати Таймурази** хæццæ æма ин зæрдиагæй райарфæ кодта се 'мгустади тухххæй. Республики разамонæг куд баханхæ кодта, уотемæй, дан, Тускъай-фурти хæццæ ци рæстæг бакустан, уоми æ еугур ихæстæ дæр æнæгъæнæй æма гъæугæ хузи æнхæст кодта. Æ арæхстдзийнæдтæ æма фæлтæрддзийнадæ федарæй ми æруагæс кæнуй, æ идарддæри кусти дæр фæййагъаз уодзæнæй, Цæгат Иристони идарддæри райрæзтбæл хуæрзæрдæмæ фæззиндзæнæй.

Сергей Меняйло еци фембæлди рæстæг Тускъати Таймуразæн равардта майдан «Иристони Намусæн», кæцимæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Цæгат Иристони сæрбæлтау æскъуæлхтдзийнæдти æма æ берæанзон рæстуодæй фæллойни тухххæй

Тускъати Таймураз райарфæ кодта Меняйлойæн, уæхæн бæрзонд хуæрзеуæгæй æй ке æргъуди кодта, æма ин устур кадæ ке искодта, уомæй.




# ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДИ ФАРСТАТÆ – АЛЦÆМÆЙДÆР АХСГИАГДÆР

Нæуæг хуæцгæнезæн гæрæнтæ æвæруни Оперативон штаби æмбурди дзубанди цудæй тестити бæрцæ фæффулдæр кæнун, тагъд агъази бригадитæбæл бафтаун, цæргути хецæн категоритæн æнæмæнгæ вакцинаци искæнун æма æндæр ахсгиаг фарстати фæдбæл.

Æмбурдæн разамунд лæвардта нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**, æма е куд бафæдзахста, уотемæй адæмæн экспресс-теститæ фулдæр кæнун гъæуй:

– Уой фæрци равгæ уодзæнæй сæйгити тæккæ райдайæни исбæрæг кæнун. Паддзахадон æма муниципалон службæгæнгутæ еугурæйдæр, медицинон æвдесæнтæмæ гæсгæ кæмæн не 'нгъезуй, уонæй уæлдай иннетæ ба гъæуама вакцинаци искæнонцæ, лæггæдтæгæнæг къабæзти разамонгутæ ба сæ косгутæн теститæ кæнонцæ.

Республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Александр Реутов** æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради хæццæ гъæуама теститæ фæффулдæр кæнуни пъланбæл бакосонцæ. Æмбурди ма байгъустонцæ дзæбæхгæнæндæнтти сæйраг дохтиртæмæ. Етæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй ковид-стационартæмæ фулдæр адæм ласт цæуй, тагъд агъази служби косгутæбæл ци уæзæ æвæрд ес, е фæффулдæр æй.

Тагъд медицинон агъази станций филиали сæйраг дохтири хуæдæййевæг **Тувати Таймураз** куд загъта, уотемæй тагъд агъази бригадити нимæдзæ гъæуама дууадæс æма инсæйемæй фæффулдæр уонцæ дууинсæйей уæнгæ. Уомæ гæсгæ ба ма байархайун гъæуй, цæмæй медицинон кадртæй фагæ уонцæ.

Сувæллæнттæ коронавирусæй æма респираторон незтæй фулдæр ке сæйунцæ, уой тухххæй радзурдта сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдони сæйраг дохтир **Икъати Мурат**. Медицинон косæндони ма коронавируси хæццæ сæйгитæн уæлæнхасæн хайадæ байгон кодтонцæ.

Ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Алибегти Эллæ** куд фæббæрæг кодта, уотемæй исæхгæдтонцæ æхсæрдæс рæвдауæндони, дууадæс æма инсæй скъолайеми ба – æвддæс æма цуппаринсæй къласи. Уавæрмæ гъæугæ цæстдард цæуй. Республики Сæргълæуууæг куд загъта, уотемæй фæззигон каникултæн ес, куд нисангонд цудæй, уомæй раздæр исаразун. Æ радзубандий кæронбæттæни ба ма бафæдзахста, цæмæй еугур разамонгутæ дæр сæ архайд байеу кæнонцæ æма афойнадæбæл æнхæстæй арæзт цæуонцæ еугур мадзæлттæ дæр, цæмæй аци незихатт дзиллонæй ма рапархат уа Цæгат Иристони.

***

Цæгат Иристони уæлбарон къæпхæни сæйгитæн, бæлвурддæр ба – онкологи æма сæкæрнезæй ка сæйуй, уонæн хуастæ æлхæнунæн дехгонд цæуй 189 миллион соми.

Республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сослан** куд радзурдта, уотемæй еци æхца паддзахадæ дæттуй тухст сæйгитæн фæййагъаз кæнунæн, фулдæр хæттити син хуастæ дæттуни гъуддаги къулумпитæ ке фæууй, уомæ гæсгæ. Еци ахсгиаг гъуддæг исаразуни тухххæй еугур гъæугæ гæгъæдитæ дæр нури уæнгæ 'нцæ цæттæ. Æлхæнуйнæгти фæдбæл комитетæн бабарæ кодтонцæ, цæмæй хуастæ амалгонд цæуонцæ цубур æмгъудмæ.

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйло байхæс кодта, цæмæй дзæбæхгæнæн хуастæ еухаттæн æлхæд æрцæуа 600 мин сомей аргъ, базаргæнæн æма æндæр уæхæн мадзæлтти нæ архайгæй:

– Аци гъуддаг, куд хуæздæр æй, уотæ гъæуама арæзт æрцæуа. 600 мин сомей аргъ æлхæнæн ес сауæнгæ дæс хатти дæр. Уомæн æма сæ гъæугæ хуастæмæ онкологи æма сæкæрнезæй сæйгитæ æнгъæлмæ кæсунцæ. Кæд ести къулумпидзийнæдтæ исæвзура уой тухххæй, уæд нæмæ æвæстеуатæй игъосун кæнетæ. Исаразæн кæмæн нæййес, уæхæн фарстатæ нæййес, айдагъдæр ес, гъуддаг гъæугæ хузи исаразун сæ бон кæмæн нæй, уæхæн адæймæгутæ!..




# ТЕРРОРИЗМИ НИХМÆ ТОХ – НÆ ЕУМÆЙАГ ИХÆС ÆЙ!..

Бунæттон разамунд æма хецауади оргæнтæн се 'мгустадæ гъæуама арæзт цæуа ахедгæ æма бæлвурд хузи, уæлдай лæмбунæг æргом æздахун гъæуй уомæ, цæмæй цæргутæ террористтæн агъазгæнгути нимæдзæмæ гъæуама ма 'фтуйуонцæ. Фæсевæдæн гъæуама лæдæрдгонд уонцæ фудгæнгути ахъелæн миутæ, сæ знаггадæхæссæг гъудитæ æма фæндитæ. Уой тухххæй ба, хецауадон къабæзтæй терроризми нихмæ мадзæлттæ аразунæй ихæсгин ка 'й, етæ гъæуама цæттæ кæнонцæ гъæугæ æрмæг, хъæртун æй кæнонцæ ирæзгæ фæлтæртæмæ, лæдæрун син сæ кæнонцæ.

Æмбурди архайгутæ иснисан кодтонцæ бунæттон хеунаффæйади æма терроризми нихмæ къамисти ахедгæ архайди тухххæй уæлæнхасæн мадзæлттæ, терроризми нихмæ куст Цæгат Кавкази фæййахедгæдæр кæнуни тухххæй.

Аци игъосункæнуйнагмæ ба ма нæхердигæй уой бафтауйнаг ан, æма терроризми æма уой хæццæ баст æндæр фудракæндтити нихмæ айдагъ барадон оргæнти косгутæ нæ, фал нæ дзиллæ еугурæй дæр еузæрдиуонæй архайуонцæ. Знаггадæхæссæг гъуддæгутæ аразгутæ некæбæл ауæрдунцæ, уæлдай син нæй, сæ фудмиутæй ке бастъалдзæнæнцæ, е. Уомæ гæсгæ ба сæ нихмæ гъæуама еумæйаг архайдæй æрлæууæн æма син федар нихкъуæрд дæттæн.

***Нæ уацхæссæг***

**Цæстæй ка нæ уинуй, уонæн 1970 анзи хъæрæути æхсæнадæмон федераций хъæппæресæй нисангонд æрцудæй сæрмагонд бæрæгбон æма уæдæй ардæмæ бæрæггонд цæуй алли анз дæр 15 октябри.**



# АРФИАГ ГЪУДДАГ

***Гъосæй лæгъуз ка игъосуй, нæ республики цæрæг еци сувæллæнттæн сæ игъосæн аппараттæ байййивтонцæ нуриккон игъосæн медицинон фæрæзнитæй – уæхæн медицинон лæггадæ син бакодтонцæ Дзæуæгигъæуи медицинон косæндæнттæй еуеми. Арфиаг гъуддаг бантæстæй, Еугуруæрæсеун адæмон фронти Цæгат Иристони регионалон хайади активисттæ ибæл ке байархайдтонцæ, уой фæрци.***

– Дзубанди ци медицинон агъази туххæй цæуй, уомæн æ кой Цæгат Иристони раздæр некæд адтæй, æма адæми цæун гъудæй Уæрæсей æндæр сахартæмæ, – зæгъуй Еугуруæрæсеун адæмон фронти регионалон штаби æмсæрдар, Æхсæнадон организаци «Мурти дуйне»-йи разамонæг **Роман Кудренко**.

Уæхæн хæрзтæ алке къох, ке зæгъун æй гъæуй, нæ амудта. Уотемæй ба, «Сурдологи-оториноларингологи»-й къабази адæмæн медицинон агъази уагæвæрд исфедар кæнуни туххæй» Уæрæсей Федераций Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради 178-аг бардзурдмæ гæсгæ уæхæн медицинон лæггадæ Цæгат Иристони дæр гъæуама кодтайуонцæ.

Аци медицинон лæггадæ цæмæй адтайдæ республики, уой туххæй бунæттон профилон министрадæ гъæуама нормативтæбæл æма лæггæдтæн исфедар кодтайдæ тарифтæ федералон нормативтæбæл æма лæггæдтæн исфедар кодтайдæ тарифтæ федералон фæткити бундорбæл. Фал фарста лухгонд нæ цудæй, уомæ гæсгæ имæ Еугуруæрæсеун адæмон фронти минæвæрттæ се 'ргом раздахтонцæ, дзурдтонцæ ибæл аллихузон фембæлдтитæ æма æхсæнадон мадзæлтти рæстæг.

Уотæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстатæ лух кæнуни фæдбæл фондз анзей размæ ци Еугуруæрæсеун форум адтæй, уоми Адæмон фронти минæвæрттæ сæхе бахадтонцæ Уæрæсей Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министрадæмæ, медицинон къабазæ «сурдологи-оториноларингологи»-й фæлгæти адæмæн ци агъазгонд гъæуама цæуа, уомæн гъæугæ фæткæ исæвæруни фæдбæл. Еци фæткæ рахъæрдтæй, гъосæй ка нæ игъосуй, еци сæйгитæн лæггадæ кæнунбæл, игъосгæ цæй фæрци кæнунцæ, еци процессортæ син хуæздæртæй æййевун æма сæ цалцæг кæнунбæл. Дзубанди цудæй ранимад медицинон лæггæдтæн финансон агъази фæрæзнитæ исамал кæнунбæл дæр. Уомæн æма, форум ци рæстæг цудæй, еци рæстæг уæхæн лæггæдтæ кæнунæн æхца дехгонд нæ цудæй нæдæр федералон бюджетæй, нæдæр æнæбюджетон æндæр фадуæттæй.

Еугуруæрæсеун адæмон фронти хъæппæрестæ уæд банимадтонцæ хуарзбæл, æма федералон æмвæзадæбæл федаргонд æрцудæнцæ. Уомæй уæлдай, Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ байархайдтонцæ, цæмæй еци медицинон лæггæдтæ æнхæстгонд цæуонцæ, уомæн регионти дæр гæнæнтæ исмадзал кæнонцæ.

Дууæ анзей размæ фарста хаст æрцудæй, регионалон хецауади оргæнтæмæ ке рарвистонцæ, æхсæнадон хъæппæрести еци номхигъдмæ.

– Хъæппæрес хуарзбæл банимадта республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, – зæгъуй Роман Кудренко. – Æ аразидзийнадæй специалисттæ бакустонцæ аци медицинон лæггæдтæн финансон агъази мадзæлттæ исамал кæнунбæл. Еци агъаз уодзæнæй æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади территорион Фонди, уæдта, республикон бюджети агъазæй ка архайуй, еци æхсæнадон организаци «Мурти дуйне»-й финанси фæрци. Уотемæй, аци анзи кæронмæ нæ республики цæрæг 14 адæймагемæн байййевдзæнæнцæ, игъосгæ цæмæй кæнунцæ, еци процессортæ нуриккондæр медицинон фæрæзнитæй.

Аци медицинон агъаз кæмæ бахъæрдтæй, уонæн сæ фиццæгтæй еу æй еуæндæсанздзуд Гудиати Миленæ. Минкъий кизгæн æ игъосæн аппарат байййивтонцæ Дзæуæгигъæуи клиникæ «Эксперт»-и.

– Махæн ка фæййагъаз кодта, уонæн устур арфæ кæнæн, Иристонæй нæ æндæр рауæнмæ цæун ке нæ багъудæй, уотемæй нæ гъуддаг къохи ке бафтудæй, уой туххæй. Нæ бийнонтæ æнцæ цубуркъох, æма æндæр сахармæ рандæ ун нæ бон нæ бацайдæ, – зæгъуй сувæллони мадæ Гудиати Мæдинæ.

Еугуруæрæсеун адæмон фронти экспертæ фарстамæ сæ цæстæ дардзæнæнцæ идарддæр дæр æма архайдзæнæнцæ, цæмæй, дзубанди ци медицинон лæггадæбæл цæуй, е афойнадæбæл хъæрта, агъазмæ æнгъæлмæ ка кæсуй, уонæй алкæмæ дæр.

***Нæ уацхæссæг***



Лескени астæуккаг скъола бундорон исцалцæг кæнуни фæсте нæуæгæй косун байдæдта. Уой фæдбæл ами æрæги аразт æрцудæй сæрмагонд бæрæгбони мадзал.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Цуппаринсæйанздзуд зæронд е 'ртæ фурти æма синхæнтти хæццæ, сæ цæвгутæ сæ усхъитæбæл, уотемæй хуасгæрцæй æрцæуунцæ. Зæронд си еуцæйбæрцæдæр ку раразæй æй, уæд синхæгтæй еу еци лæги хестæр фуртæн уотæ бакодта:*

*– Нерæнгæ ма федар ку æй уæ фидæ, еунæгæй цæрунæн тæрегъæд æй, уосæ ин ракоретæ...*

*– Уанцон нæй, уæхæн зæрондæн!.. Ходуйнаг æй...*

*Зæронд сæ фегъуста, фæстæмæ фездахтæй æма сæмæ дзоруй:*

*– Гъо, устур уес хæссунмæ син зæронд нæ дæн, уосæ корунмæ ба – кæлæццаг?!.*

***

Раст еци зæронд лæги уавæри 'нцæ нæ нуриккон хестæртæ дæр. Мænæ тагъд пенсиесæг исуодзæнæн, зæгъгæ, си ка æнгъæл адтæй, етæ фæффудевгед æнцæ: пенсимæ рацæуни кари æнзтæ син хецаудзийнадæ хевæндæй фæффулдæр кодта. Мадта хуæздæр уавæри нæ 'нцæ, пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, етæ дæр: сæ пенситæ инфляцимæ гæсгæ индексацигонд, гъома, уæддæр еуцæйдæрбæрцæдæр фулдæргонд нæ цæунцæ. Еузагъдæй, косунмæ Пенсион фондмæ феддонтæ хæссунмæ гъæунцæ, сæ пенситæ исхузæнон кæнунæн ба... Хецауеуæггæнгути рæуонæ: пенси дæр æма мизд дæр есетæ, фагæ уин æй. Æма уотемæй ба «зундгинтæ» сæхецæн ба фагæбæл нимайунцæ, сæ улупатæ миллионгай сомтæй ке исниcан кæнунцæ, уæдта ма уой æнæуой паддзахадон къазнайæй ци миллионтæ давунцæ, уой. Æма дин уонæмæ мæгуйраг пенсиесгути сагъæс ес?



**Александр ШЕРИН, Паддзахадон Думи раздæри депутат: «Е уи баруагæс уодзæнæй, æма, зæгъæн, æ къохбæл 128 миллионей аргъ сахат кæмæн ес, еци сенатор бауадздзæнæй, цæмæй фæззинна, фæсарæнти ин æнæзмæлгæ мулк даруни барæ ка нæ дæттуй, уæхæн закъон...»**

Уæхæн закъон ку фæззинна, уæддæр кæци сенатор кенæ депутати бахъор кæндзæнæй фæсарæнти æ мулкитæ дарунæй?! Ес син уоститæ, цæуæт кенæ хеуæнттæ, æма сæ мулкитæ уони номбæл искæндзæнæнцæ. Уæхæн «мадзали» нихмæ ба закъон нæййес. Æма си сенатор, кенæ депутат ка нæбал уа, е уайсахат фендæдуар уодзæнæй Уæрæсейæй æма мулкитæй æ бийнонти хæццæ цæрдзæнæй фæсарæнти.



**Александр ПОПОВ, сахар Челябински æртиккаг лицейи директор: «Чиновниктæ зонгæ дæр нæ кæнунцæ, скъолай сувæллæнттæ ке ес, уой...»**

Æма дин æй кутемæй зононцæ, кæд æма сæ фулдæрей цæуæт хуматæг уæрæсейаг скъолати некæд ахур кодтонцæ – кæд ахур кодтонцæ, уæддæр сæрмагонд ахургæнæндæнтти, кенæ ба фæсарæнти. Æма син уæрæсейаг скъола æма нæ фидибæстон ахурадæ иссæнцæ сæ къæсибадæг фæлварæнти «будур», кæцими сæ фæлварæнти фудæй хиццагæй неци исирæздзæнæй, нæ си æрæмбурд кæндзинан фидибæстæн пайдайаг тиллæг.



**Кирилл РАЗЛОГОВ, кинокритик: «Силгоймæгтæ, уæлдайдæр ба Франций, æзмæнтунцæ, домунцæ утид æмбарæдзийнадæ нæ, фал хецаудзийнадæ æнæгъæнæй дæр...»**

Гъе уæхæн иссæй нæ дуйне: еуети гъæуй халифат, иннети матриархат, кенæ æндæр цидæр «...хат». Еуемæй дæр си, цума, хуарзæй неци разиндзæнæй, уотæ уæмæ нæ кæсуй?.. Мæнæ бакæсайтæ телеуинунадæмæ: еугур гъуддæгутæ сæхемæ есунцæ силгоймæгтæ, уой дæр кæми ци къæсибадгутæ ес, етæ. Сæ гириззаг дзубандитæ æма миутæй рæстзæрдæ адæймаг хъæбæр искатай уй: Гæрр, æфсæрми æгириддæр нецибал æй æма некæмибал гъæуй?..

Нæдти хæдзаради косгути Бон бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони 17 октябри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази еугур фæллойнæгæнгутæн дæр.

*Номдзуд америкаг зартæгæнæг Мария КАЛЛАС кæддæр уотæ загъта: «Дзиллæ ми алкæддæр тæккæ-тæккæ фулдæр агорунцæ!..» Дохтир дæр еци уавæри æй – сæйгитæ цийфæнди уавæри дæр фенгъæлмæ кæсунцæ, е син тæккæ-тæккæ гъæугæдæр хузи фæййагъаз кæндзæнæй.*



Уæрæсей Президент Владимир ПУТИНИ хæццæ фембæлди рæстæг Беслæни ХЪУЛЧИТИ Æхсарбегæн равгæ фæцæй æ хæццæ радзубанди кæнун нæ медицинон къабази райаразуйнаг фарстати фæдбæл.

# ÆЦÆГ АМОНД – АДÆМИ АРФÆЙ ХАЙГИН УН...



**БИЧИЛТИ Алетæ,**
Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони æскъуæлхт дохтир, медицинон наукити доктор, профессор, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий хирургий кафедри сæргълæууæг, Уæрæсей хирургти – гастроэнтерологти æхсæнади президиуми иуонг, Кавкази сауæрдæнтти хирургти наукон æхсæнади æма Кæсæг – Балхъари хирургти наукон æхсæнади кадгин иуонг... Аци номхигъди никкидæр ма бафтауæн ес берæ æндæр æвдесæнтæ, фал ке ранимадтан, етæ дæр, махмæ гæсгæ, фагæ 'нцæ, цæмæй уи баруагæс уа, мæнæ уин ци адæймаги туххæй радзоруйнаг дæн, е æцæгæйдæр устур цитгийнаг ке æй, е.

Æ монцти кæци сабий ба мондагæй нæ бæллуй, æ карнæ цæмæй дессагæй-дессагдæр рауайа, уомæ. Уæхæн бæлдитæ Хъулчити Агкуй минкъий фурт Æхсарбегмæ дæр куд нæ адтайдæ!.. Фал æ цардвæндаг уæхæн хузи рауайдзæнæй, æма си æ гъуддæгути тæккæ агъазиаудæр бæрзæндтæмæ исхездзæнæй, уой æнгъæл, æвæдзи, нæ адтæй, кæддæр сабийæй фæззигон уазал талингæ изæри æ райгурæн гъæу Хæзнидони дæллаг синхмæ ку тагъд кодта, уæд. Тагъд ба уомæ гæсгæ кодта, æма æ мадæ Кошерхан æнæнгъæлти æ зæрдæй батухстæй, гъудæй æй æвæстеуатæй дохтири агъаз, æма е ба цардæй гъæуи буни. Æ цæстисугтæ уадæнцæ Æхсарбегæн æ ростæбæл, уотемæй тъæбæртт кодта, сор – цъифæ не 'взаргæй. Æма æ сабий зæрдæй курдта Исфæлдесæгæй, цæмæй дохтир ма байрæги кæна æма æ уарзон ниййерæг радзæбæх уа, æ тухстæй фæййервæза... Æма ин Исфæлдесæг æ тухст балæдæрдтæй, нæй фæффудевгед кодта... Кошерхан ма дзæбæхæй фæццардæй берæ æнзти, цийнæ кодта æ цæуæтбæл, уони кæстæртæбæл.

Æхсарбег ба, æвæдзи, гъе уæд искарста федарæй æхецæн – гъæуама исуа дохтир, хуарз дохтир æма æ адæмæн бæзгæ адæймаг. Æма еци нисан æ къохи бафтудæй, иссæй дæсни хирург, ци берæ сæйгитæн бакодта агъаз, уонæн банимайæн дæр нæййес. Еунæг уой зæгъдзинан, æма куд хирург, уотæ ци операцитæ искодта, уони бæрцæ уодзæнæй æхсæз минемæй фулдæр. Уони хæццæ ба уæхæнттæ дæр, æма алли хирург æ нифс кæмæ нæ бахæсдзæнæй. Зæгъæн, кæддæр имæ поселок Южныйи цæрæг æрбацудæй хъæбæр тухстæй, дууебæл адтæй æ райервæзун – сæйги ахсæнмæ хуæруйнаг нæбал цудæй, хъури хурфи ирæзтæй хъубулдзуг, адæймаг бонæйбонмæ тадæй. Специалисттæ ин куд загътонцæ, уотемæй æй гъудæй æвæстеуатæй операци, искæнæн ба ин ес, зæгъгæ, айдагъдæр Мæскуй, уæдта хъæбæр хъазарбæл ниллæудзæнæй æ искæнун... Фал сæйгæн уæхæн равгитæ ба нæ адтæй. Æма бакой кодта Хъулчий-фуртæн, гъенур еунæг дæубæл ма дарун мæ зæрдæ, зæгъгæ, Æхсарбег имæ лæмбунæг æркастæй, исбæлвурд ин кодта æ незихатт æма ин балæдæрун кодта, цийфæнди уæззау кæд æй, уæддæр æй уомæй фæййервæзун кæнунæн ес гæнæн. Æцæг, загъта ин, цæмæй æхуæдæг уобæл æууæнда...

Устур бæрнондзийнадæ райста Хъулчий-фурт уæд æхемæ, еци сæйгæн ами, нæхе сахари искодта гъæугæ операци. Æхсæз сахаттемæй фулдæр фæллæудтæй Æхсарбег операцигæнæн стъоли сæргъи, бантæстæй ин сæйги фæййервæзун кæнун, æма ма е уой фæсте дзæбæхæй фæццардæй берæ рæстæг. Нæкæси, фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй уæхæн операци нæ республики некæдма неке искодта уæди уæнгæ!

Дохтири, уæлдайдæр ба хирурги куст, уæхæн æй æма тугъдон лæги хузæн еудадзугдæр цæттæй лæууй, уомæн æхсæвæй-бонæй ци афони, ци æнæнгъæлти гъуддаги багъæудзæнæй, уой некæд неке фæззонуй, уæдта ин, æвæдзи, базонæн дæр нæййес. Мадта ма уотæ дæр рауайуй, æма дохтиртæ сæхуæдтæ равзурунцæ сæхе цардæн тæссаг уавæрти дæр.

Æхсарбегæн дæр æ кусти медæгæ уидæ уæхæн цаутæ дæр, æма феронхгæнæн кæмæн нæййес. Советон доги, зондзинайтæ 'й, æвæдзи, нæ бæсти медицинон косгути ахид æрветиуонцæ, уæд ирæзгæ паддзахæдтæ ке хониуонцæ, уордæмæ. Æма Æхсарбег дæр советон медикти хæццæ æрвист æрцудæй паддзахадæ Йеменмæ. Уоми ба уæд æ тæккæ карзи адтæй граждайнаг тугъд. Еууæхæни Æхсарбег æма е 'мбæлттæ æнæнгъæлти бахаудтæнцæ тъуфули – дууæ тохæг къуарей æхсæн буцæуи. Нæ дохтиртæй еу уæззау цæфтæ фæцæй, æвæстеуатæй æй гъудæй сæйгæдонæмæ ласун операцимæ. Фал син сæ машинæ рауорæдтонцæ хецауади нихмæ тохгæнæг æфсæддонтæ. Бæргæ син дзурдта Æхсарбег, ка 'нцæ, ци 'нцæ, кæцæй æнцæ, уой, фал æй гъуди дæр не 'ркодта бандитти разамонæг. Фæрсрæбунмæ сæ бакодтонцæ фехсунмæ. Фал уæдмæ нæ дохтирти нивæн æрбампурста хецауади фарсхуæцæг æфсæддонти къуар æма сæ исуæгъдæ кодта. Сæ цæф æмбали госпитæлмæ бахъæртун кæнун син бантæстæй, æма ин уоми ба Æхсарбег æхуæдæг уайтæккæ операци искодта, лæг фæййервазтæй...

Æнæ зæгъæн нæййес уой дæр, æма Æхсарбеги кадæ, куд специалист, дæсни дохтир, хъæбæр бæрзонд адтæй сæйгити 'хсæн. Хонгæ ба 'й кодтонцæ «доктор Аскар».

Дохтири уодикондмæ, цæмæдæр гæсгæ, сæ профессионалон нисанеуæгæй, феронх ни уй, уомæн дæр хумæтæги зæрдæ ке ес, е дæр тухсун ке зонуй, цæмæйдæр мах зæрдити хузæн фæрресуй. Сæйги хæццæ архайгæй, кæд цийфæнди æнæгъенцъун фæззиннуй, уæддæр æцæгæй ба уотæ нæ фæууй – еунæг æхе уод æй фæллæдæруй, цæйбæрцæбæл фæттухсуй, незæй фæййервæзуни зæрдтæй имæ ка 'рбацудæй, уомæн фæййагъаз кæнунбæл. Æвæдзи, æнæгъенцъун дæр уомæ гæсгæ фæззиннуй, цæмæй сæйгæ адæймаг дæр тæрсгæ ма кæна, фал нифсгундæр уа, дохтири хæццæ æмархайæг исуа æ исдзæбæх уни гъуддаги.

Уæдта ма æрцæуй уæхæн цаутæ, кæцитæ дохтирæн исунцæ æносон зæрдрист. Уæхæн зæрдрист Æхсарæн иссæй, Беслæни фиццаг скъолай 2004 анзи фæззæги ци фудбæлах æрцудæй, е. Еци додгæ бони гъæдгинтæ абони дæр нæ дзæбæх кæнунцæ, уомæ гæсгæ уæди хабæрттæ ракæнунмæ нæ фæййарази кæнуй. Фал син æнæ зæгъæн дæр нæййес. Хъулчийфурт дæр адтæй, уæд Беслæни фудбæлахи рæстæг бунæттон сæйгæдони сæдæгай цæф адæймæгути – хестæртæ æма сабийти фæййервæзун кæнунбæл хъазауатон тохи ка бацудæй, еци медицинон косгутæй.

– Еци цалдæр боней æверхъаудзийнади туххæй дзорун дæр зин æй, – зæгъуй Æхсарæ. – Уомæн, æма зæрдрист æгириддæр нæ нидæн кæнуй, кæд рæстæгутæ рацудæй, уæддæр. Уойбæрцæбæл æверхъау, æнахур æма устур æй еци зиндзийнадæ.

Еци бæнтти телеуинунади равдиститæй еуеми еу дохтир хъонцгæнгæй уотæ загъта: «Ацал-ауал анзи косун сæйгити хæццæ, берæ фæуæуидтон аллихузи æбуалгъ нивтæ, гъуддæгутæ, фал нур ке уинун, уонæмæ ба æнæ зæрдхъурмæй кæсун нæй лæги бон...»

– Уотæ адтæй æцæгæйдæр, – имисуй Æхсарбег. – Скъолай исрæмугъди хуæдфæсте нимад сахæтти дæргъи Беслæни сæйгæдонæмæ æрбаластонцæ 500 цæф адæймагей бæрцæ... Уæхæн уæззау, уæхæн лæгъуз цæфти хæццæ æрбаласиуонцæ «Сагъд агъаз»-и хуæдтолгитæ, æма устур хъаурæ гъæуидæ уони айдагъ дзæбæх кæнунæн нæ, фал сæмæ æррæстæ кæсунæн дæр. Уæлдайдæр æнагъон сабийтæмæ... Уæддæр дохтиртæбæл ци ихæс адтæй еци тухст адæми размæ, уой æнхæст кодтонцæ.

Цалдæр боней фæсте, Президент Владимир Путини амундмæ гæсгæ, Беслæнмæ устур ахургæндтæ, академиктæ, дохтиртæ ку иссудæнцæ, уæд хъæбæр дес кодтонцæ нæ дохтирти арæхстдзийнадæбæл, уойбæрцæ сæйгитæ æма цæфтæмæ уотæ хуарз базелун сæ бон куд бацæй, уобæл. Иристойнаг дохтирти архайдмæ неци фау æрхастонцæ, еузагъдæй... Уæд ма еци гъуддаги туххæй, æнæмæнгæ, гъæуй зæгъун – тæккæ райдайæнæй неке зудта, гъуддæгутæ цирдæмæ фæуууодзæнæнцæ, уой, фал уæддæр сæйгæдæнттæ, сæ разамонгутæ, дохтиртæ, республики æнæнездзийнади Министрадæ цæттæ адтæнцæ алцæмæй дæр æма ку багъудæй, уæд сæхе æгудзæгæй нæ равдистонцæ.

Куд зонæн, уотемæй Беслæни фудбæлахи фæсте ардæмæ исхъæрдтæй Уæрæсей Президент Владимир Путин дæр. Бабæрæг кодта, теракти ка фæццæф æй, уони. Сæрмагондæй дзубанди кодта дохтирти хæццæ, бафарста сæ, цæмæй фæккæсун гъæуй, ци гъæуагæ 'нцæ, уомæй дæр.

Гъе уæд, Президенти хæццæ комкоммæ дзубанди кæнгæй, Хъулчити Æхсарбег ин бакой кодта, гъома, хуарз уидæ Беслæни нæуæг сæйгæдонæ арæзт ку 'рцæуидæ, иннæ базæронд æй, нуриккон домæнтæн дзуапп нæбал дæттуй, зæгъгæ… Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ами арæзт æрцудæй дессаги берæпрофилон медицинон центр, кæцимæй абони пайда кæнунцæ айдагъ Иристони нæ, фал Цæгат Кавкази еугур регионти цæргутæ дæр.

***

Адæймаг цийфæнди искурдиадæгин æма ацъагъуæгин ку уа, уæддæр, зæгъун æнгъезуй, фиццагидæр, фæууй æ хестæрти фæрци. Æма кæстæртæн е устурæй-устурдæр амонд æй, æ ниййергути 'рдигæй берæ лæгдзийнæдтæй ку фæххайгин уа, уæд. Уæхæн фарнæй ба Хъулчити Æхсарбеги карнæ æнхæст рауадæй. Æма уæд куд нæ иской кæнæн æ зæрдтагон фидæ Агку æма мадæ Кошерхани (хеуæнттæ дæр æма гъæубæстæ дæр æй уарзонæй Кукушкæ худтонцæ) туххæй.

Хъулчити Дзанхъæлици фурт Агку райгурдæй Донифарси. Хæзнидонмæ ку ралигъдæнцæ, уæд 1939 анзи æ цард байеу кодта Дзайнухъти Мæхæмæти кизгæ Кошерхани хæццæ. Агку архайдта Устур Фидибæстон тугъди. Куд иннæ тугъдонтæ, уотæ берæ зинтæ бавзурста тугъди будури. 1942 анзи ба знагмæ уацари бахаудтæй. Цанæбæрæг си фæцæй, уæдта ин уордигæй раледзун бантæстæй, æма Белоруссий партизанти хæццæ тох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Агку уацари ку бахаудтæй, уæд æ бийнонтæмæ иссудæй, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, сау хабари гæгъæди. Уогæ 'й уингæ ба фæккодтонцæ?.. Еци рæстæг Агкуй фиди 'нсу-

***Æма сæ еци бæлдити аккаг ка разиннуй адæмæн, еци дохтирæй боздæр ба, æвæдзи, некæмæй фæуунцæ. Махмæ гæсгæ ба, адæмæн агъаз кæнун кæмæн æнтæсуй, еци дохтири цийнæ минкъийдæр нæ фæууй – е сæ амонд æй, адæми царди райдзастæй нæуæгæй хайгин кæнун.***


Фиццаг рæнгъи: Хъулчити Агку, æ фарсмæ æ кизгæ Анфисæ, æ мадæ Хъулчити-Хъарати Саукизгæ, æ гъæбеси сæ кæстæри кæстæр Зинæ, æ фарсмæ лæууй сæ кæстæри кæстæр Ларисæ: лæуунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Агкуй æнсувæр Мухарбег, Æхсарбег, Агкуй цардæмбал Хъулчити – Дзайнухъти Кошерхан (Кукушкæ).

вæр Огъуллæ гъæусовети куста æма еци гæгъæди баримахста. Уæддæр хабар куддæртæй нихъхъæрдтæй Кошерхани цæгатмæ – Елхоттæмæ. Уордигæй Кошерханмæ æ хестæр хуæри исæрвистонцæ уæхæн унаффи хæццæ: «Дæ лæг тугъди фесавдæй, нæ кизгæ ба – Хъулчити хæдзари... Æма ма уоми ци бадис? Дæ фиди хæдзарæмæ рацо...»

Кошерхан фæлмæнзæрдæ æма уæззау зунди хецау адтæй. Æ мадæ æма фиди унаффæ ку базудта, уæд æ хуæрæн загъта: «Аци бийнонтæй хуарздзийнадæй æндæр неци зонун. Хæдзари кæстæртæ – Хулимæт, Мухадзир æма Мухарбег æнцæ гъомбæлкæнуйнæгтæ. Саукизгæ сæ еунæгæй хæссуй. Агку син фидеуæг кодта æма сæ куд ниуувадзон? Тугъд ба нæма фæцæй, ку фæууа, уæдта бæрæг уодзæнæй...»

Елхоттаг иуазæг еци дзуаппи хæццæ Хæзнидонæй сæхемæ рандæ ‘й. Кошерхан ба Хъулчити бийнонти ‘хсæн байзадæй. Уæдмæ тугъд фæцæй, æма дин еу бон Огъуллæ заргæ ку бацæуидæ Саукизги бийнонти тургъæмæ. Æ къохи адтæй дууæ финстæги: сæ еу – Агкуй фесæвди фæдбæл гæгъæди, иннæ ба – Агкуйæн æхецæй Огъуллæмæ финстæг. Еци нæуæг финстæги фæдбæл хæдзари исаразтонцæ устур кувд.

Агку Советон Æфсади рæнгъитæй исуæгъдæ ‘й 1946 анзи æнсури мæйи. Адтæй æгъдаугин, рæстдзийнадæбæл дзорæг, уой хæццæ ба, кæми гъæуидæ, уоми карз лæг. Æ цъухæй лæгъуз дзурд некæд исхаудтæй. Гъе уомæ гæсгæ ‘й гъæубæсти адæм уæлдай уарзт кодтонцæ.

Тугъди фæсте Агку берæ рæстæги дæргъи фæккуста колхози. Æ бийнойнаг Кошерхани хæццæ син исæнтæстæй кæстæртæ: Æхсарбег, Ларисæ, Анфисæ, Зинæ (Тамуся). Алкедæр си æ царди хабæрттæ кæнуй федауцæй, сæ цитгин мадæ æма фиди кадæ æма намуси аккаг унбæл архайгæй. Æхсарбег æ цардæмбал Цъеути Мусай кизгæ Заири хæццæ исгъомбæл кодтонцæ æртæ сувæллони. Маринæ, Сослан æма Батраз дæр сæ ниййергути хузæн царди раст надбæл лæуд æнцæ. Алкедæр си тумугъ бийнонтæй цæруй, ес син кæстæртæ. Фæрнæй цæрæнтæ! Заирæ бийнонти хестæртæн сæ рамæлæти уæнгæ зæрдиагæй фæллæггадæ кодта, се ‘хсæн алкæддæр адтæй уарзон рахастдзийнæдтæ, хъæбæр арфиагæй си бацудæнцæ се ‘носон дуйнемæ. Хъулчити муггаг æма хеуæнтти ‘хсæн æ кадæ æй бæрзонд. Заирæ æхуæдæг дæр æй искурдиадæгин, зæрдинезтæ дзæбæхгæнæг дохтир. Фæллойнæ кæнуй Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники.

***

Хъулчити хестæртæй еу сæ муггаги рæсугъд æгъдауи фæдбæл гъуддаги рæстæг уотæ загъта:

– Мах гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн, æ фидтæлтиккон фарнæй æнæ хай ка фæцæй, уонæй ке нæ ан... Æма нæ евгъуд бæнтти тиллæг гъæуама багъæуай кæнæн, цæмæй си хайгин уонцæ нæ исонибони фæлтæртæ дæр, æ фарнæй тухгин æма æнтæстгин уонцæ...

Ка ‘й зонуй, кенæ хестæрти еци дзубанди, кенæ ба сæ æндæр цидæр рæстмæгæнæг гъуди фæрразæнгард кодта, фал Хъулчити хъæппæресгин лæгтæ, сæ разæй номдзуд дохтир, медицинон зонунæдти доктор, профессор Хъулчити разагъди Агкуй фурт Æхсарбег, уотемæй исфæндæ кодтонцæ сæ муггаги цардвæндаги туххæй сæрмагонд киунугæ бацæттæ кæнун. Уогæ еци арфиаг гъуддагбæл æ рæстæги, бæлвурддæрæй ба 1980 анзи, архайун райдæдта æма берæ фæккуста Хъулчити Гасани фурт Барис, игъустгонд ахургонд (уой туххæй фæстæдæр хецæнæй загъд уодзæнæй). Æ зæрди бæргæ адтæй еци арфиаг æма æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг бундоронæй исаразун, фал ин, гъулæггагæн, еци фæндæ кæрæйкæронмæ исæнхæст кæнун нæ бантæстæй, æгъатир уæззау нез ибæл фæттухгиндæр æй. Æригонæй рацох æй æ уæлзæнхон цардæй.


ХЪУЛЧИТИ-ДЗАЙНУХЪТИ Кошерхан æ фурт Æхсарбеги кизгæ Марини хæццæ.

Барисæн æ цардвæндаги цубур рæстæгмæ дæр берæ бантæстæй, зингæ фескъуæлхтæй науки дæр æма спорти дæр, уæдта æ царди хумæтæг хабæртти дæр æхе æвдиста хуæрзæгъдаугин æма хуæрзгæнæгæй.

Барис æ рæстæги æхемæ ци ихæс райста, уой кæрæй-кæронмæ исæнхæст кæнунбæл зæрдиагæй байархайдтонцæ Хъулчити Афæхъой фурт Маркис, Самсæдини фурт Мухадзир, Мæхæмæти кизгæ Заидæ, Мухай кизгæ Зулейхан, Агкуй фурт Æхсарбег, Хъулчити Хангерий.

Сæрмагонд киунугæ бацæттæ кæнун æма рауадзуни фæндæ исæнхæст кæнунбæл муггаги минæвæрттæ, сæ бон куд адтæй, сæ равгитæ æма гæнæнтæ куд амудтонцæ, уотемæй байархайдтонцæ. Æма син бантæстæй – сæ муггаги цардвæндаги туххæй ци киунугæ рауагътонцæ, е сæ кæстæртæн исуодзæнæй зунд æма нифси сауæдонæ, сæ развæндагамонæг...

Æ профессионалон ихæстæ æнтæстгинæй æнхæст кæнунæй уæлдай ма Хъулчити Æхсарбег разæнгардæй архайуй нæ республики, уæлдайдæр æ уарзон Ирæфи райони æма æ райгурæн гъæу Хæзнидони цардиуаги еугур гъуддæгути дæр. Еу рæстæги нæ республики Парламенти депутат адтæй, æма е ‘взаргутæн зæрдæ цæмæй байвæридæ, уони æнæкъулумпийæй æма æнæгъæнæй исæнхæст кæнидæ, нецæмæй сæ фæссайдта. Еци хабæрттæ райони цæрæг дзиллæ дзæбæх гъуди кæнунцæ...

***

Нуртæкки рæстæгути сæйун куд хъазар гъуддаг æй, ци берæ хæрзтæ багъæуй нези нихмæ тох кæнунæн, уой нæ еугурдæр зонæн – кадæр æй фæууидта, кенæ фегъуста, кадæр ба ‘й æхебæл бавзурста. Æма уæхæн тухст уавæри ка бахауй, еци сæйгæн æма æ хеуæнттæн дохтир рæстуодæй хуæрзгæнæг ку разиннуй, уæд уони æнцондзийнадæн нецæй хæццæ рабарæн ес. Æма Хъулчити Æхсарбег уæхæн хуæрзгæнæг кæмæн иссæй, уонæн ба банимайæн дæр нæййес – уоййасæбæл берæ ‘нцæ. Еугуруæрæсеуон газет «Завтра»-йи (уагъд цæуй Мæскуй) сæйраг редактор, зундгонд финсæг Александр Проханов цалдæр хатти исфæлдистадон балцити адтæй Цæгат Иристони, кæддæр уотæ финста: «Профессора Кульчиева Ахсарбега в Осетии называют «доктором бедных». И в местной табели о рангах прозвище это едва ли не самое уважаемое. Победившая демократия почти полностью уничтожила понятие бесплатной медицины. Теперь болеть – очень дорогое удовольствие. Одни только лекарства способны разорить и пустить по миру простого человека. Поэтому доктор Кульчиев – один из самых уважаемых медиков в Осетии. Из самых далеких сел едут к нему люди, несут свои боли и хвори. И всем, кому может, профессор помогает.

– Скажите, сколько принести доктору? – хватает в коридоре за рукав медсестру пожилая крестьянка. – Мы корову продадим, расплатимся...

– Что вы, женщина, – отстраняется медсестра, – профессор денег не берет. Не оскорбляйте его такими вопросами...»

Æма еци газет уотæ ке финста, е æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уомæн еума æвдесæн æй Æрæдони цæрæг Любовь Шебаршевай финстæг. Е си финсуй:

«Ахсарбег Кульчиев сделал мне сложнейшую операцию, притом, совершенно бескорыстно и вернул меня к нормальной, полнокровной жизни. Я благодарю Бога, что есть на свете такой человек, к которому можно обратиться в трудную минуту жизни. Я благодарю безмерно его мать, воспитавшую такого славного и честного сына... Я и вся моя семья желаем, чтобы никогда не иссякла та огромная любовь, которую Ахсарбег Агубеевич проявляет к людям...»

... Гъе уæхæн агъазиау арфиаг гъуддæгутæ расайдта æ фæдбæл кæддæри фæззигон изæр, гъе, уæхæн бæлдтаг нæдтæбæл рацудæй æма цæуй абони дæр æ царди сæйраг нисанмæ зæрдæргъæвдæй хæзнидойнаг Хъулчити Агкуй фурт Æхсарбег – абони æнæгъæнæ Иристони æма уомæй берæ идард рауæнти дæр зундгонд адæймаг.


ХЪУЛЧИТИ Æхсарбег разæнгардæй фæййархайуй æ райгурæн гъæу Хæзнидони цардарæзти гъуддæгути. Аци къари – гъæубæсти номдзуддæр лæгтæй еу, ДЗОБЛАТИ Кими хæццæ гъæуи мæзгити тургъи.

*Номдзуд рагонкитайаг зундилæг **КОНФУЦИЙ** уотæ загъта: «Мах нæ цæститæбæл æууæндæн, фал сæбæл æууæнкæ нæййес. Мах нæ зæрдæбæл бауæндæн, фал тæссаг æй, е дæр нæ ку фæссайа. Мадта, ахуркæнуйнæгтæ, уæ зæрдæбæл бадаретæ, адæймаги базонун хъæбæр зин гъуддаг æй...»*



**КЪОРНАТИ Мухарбег**

# УАРЗТИ ФУДВÆНДАГ

Хадзимурзæ лæмбунæг фегъуста Хъарадзауи-фуртмæ, уæдта загъта:

– Раст зæгъуй Хъарадзауифурт: кизгæ фæстæмæ есгæ 'й.

– Æма кæд кизгæн æхе фæндадтæй, уæдта? – бафарста кадæр.

– Уæдта ин мæнæ аци хъæма мæхе къохæй æ тæккæ зæрдисæри ниссадздзæнæн! – ниттилдта æ фæтæнком хъæма Хадзимурзæ. Æртиккаг бон дууæсæдæ бæхгини – Къуадзихътæ æма Хъарадзаутæ рараст æнцæ Киристонгъæумæ Хадзимурзи кизги байсунмæ. Бацудæнцæ бал Туйгъанти гъæумæ. Æрхизтæнцæ Туйгъанти инæлар Амурхани урух тургъи. Амурхан рацудæй кæсгон æлдар Хадзимурзи размæ. Пусулмон æгъдаумæ гæсгæ ин салам равардта.

– Медæмæ, мæ хъазар иуазæг, – загъта Амурхан.

– Хуарз хабари хæццæ дæмæ не 'рбацудтæн, мæ хестæр æнсувæр, – райдæдта мæтъæлæй æ дзубанди Хадзимурзæ. – Зæруæрдæмæ мæ Къорнатæ адæми астæу аллайаг æма ходуйнаг фæккодтонцæ. Мæ ходуйнаг Къорнати тогæй ку нæ нихснон, уæд ин æндæр амал нæ зонун. Æма ди Хуцауæй корæгау корун: фæккæсæ мæмæ адæмæй. Мæ уорс закъæ мин ка ницъцъумур кодта, не 'лдари ном нин ка исæгадæ кодта, уонæн гъæуама æз сæ куййи бунæттæ баймонон.

– Хъæбæр хуарз дин лæдæрун, Хадзимурзæ, де 'фхуæрд, фал мæ зæрдæмæ еу гъуддаг нæ цæуй æма мин ниххатир кæнæ, дæ хæццæ арази нæ дæн! – æ уорс закъæ расæрфгæй, загъта Амурхан. – Къорнати нихмæ лæгæй-лæгмæ цæун арси нихмæ фæруæ лæдзæги хæццæ цæунæй уæлдай нæй. Аци гъуддаги саузæнгæ паддзахи закъонтæ æма паддзахи хецæуттæ мах фарс ке лæудзæнæнцæ, уой нæ зонис?

– Æз нур закъонтæбæл нæбал дзордзæнæн. Етæ идард гъуддæгутæ 'нцæ. Фал ме 'фхуæрдæн, мæ ходуйнаги гъæуама мæхуæдæг уон тæрхонхæссæг. Уотæ ралух кодтон æз.

Цидæр зæгъун ма фæндадтæй Амурхани, фал имæ нæбал байгъуста Хадзимурзæ.

Кæсæг Амурханæй рацудæнцæ Гъæристæбæл. Киристонгъæуи æргъау хизтæй уоми. Гъонгæс сæ ку рауидта, уæд фонс фæууагъта е 'мбал биццеуи барæ, æхуæдæг бæхбæл æхе багæлста. Фæсвæдти-фæсвæдти кæсæгæй фæрраздæр æй Киристонгъæумæ. Дзиуари рази æргæпп кодта бæхæй æма устур дзæнгæрæг фæдеси цагъд никкодта.

Цæстифæнникъулдмæ дзиуари рази байдзаг æй фестæг æма бæхгин адæмæй. Кæрæдзей хинцфарст кодтонцæ, фал ци 'рцудæй, уомæн неке неци зудта. Гъонгæс син лæф-лæфгæнгæ загъта:

– Кæсæги æфсæдтæ Киристонгъæумæ æрбампурстонцæ.

Адæм сæ фæтæнком хъæматæ фелвастонцæ æма сæ дортæбæл циргъ кæнун райдæдтонцæ. Уæдмæ Къорнати Хъубади уорс бæхбæл, æ хуæрзеугутæ æма æ пъагæнттæ æ уæле, утемæй фæззиндтæй адæми астæу.

**Идарддæр.**
**Райдайæн 36-аг номери.**

– Мæнæ хуарз адæм, – загъта Хъубади уæлбæхæй. – Басабур уотæ минкъий, кæрæдзей дзубанди балæдæрæн! Кæсæги æлдæрттæ æрбампурстонцæ сæ кизгæмæ – Къорнати киндзæмæ. Сæ хæццæ никкидæр æрбацудæнцæ Хъарадзаутæ, кизгæ лæвæрд кæмæн адтæй, етæ. Куд уæ фæндуй, хуарз адæм? Ци дзуапп син раттæн?

– Ци дзуапп син зæгъæн? Къуадзихъти кизгæн нæбал ес фæстæмæ над, – нигъгъæр кодта еу лæг.

Уæдмæ уæллæй еу къуар лæги æсхуститæгæнгæ сæ разæй æртардтонцæ дууæ лæгей æнæ рæнттæй.

– Ка 'нцæ етæ? – фæрсуй Хъубади.

– Уартæ сæ Къуадзихътæ æрбарвистонцæ минæвар! Кенæ, дан, нин нæ кизги ракæнетæ, кенæ ба тох кæнæн.

Адæм сæхе никкалдтонцæ дууæ минæваребæл æма сæ нæмун райдæдтонцæ.

Хъубади æрхизтæй æ бæхæй æма сæ байергъæв кодта. Минæвæрттæ æрдæгарудтитæй райервазтæнцæ фæстæмæ. Хадзимурзæ сæмæ ку 'ркастæй, уæд балæдæрдтæй, хуарз адæми ахæсти ке нæ фæцæй, уой. Сæ бæхтæбæл сæхе бакалдтонцæ æма æнæ нецæмæй рараст æнцæ.

– Мæ ходуйнаг, ме 'фхуæрд æз Къорнатæн уотемæй нæ ниуадздзæнæн, – загъта Хадзимурзæ æ хестæр фурт Нануйæн.

– Дæ зæрди ци ес, мæ фидæ, дæ унаффæ куд æй? – бафарста Нану.

– Курдиадæ бадæттун гъæуй инæлармæ.

Æма бабæй иннæ бон Хадзимурзæ æма Нану тачанки бамедæг æнцæ Нальчикки Хъарадзаути Смайлимæ. Смайли куста пъиристæфæй. Хадзимурзæ 'й баййафта æ къæнцилари.

– Мæ хабар мин, Смайли, зонис. Адæми астæу мæ цæсгон равдесун нæбал æндеун. Бацудан хъазауатонæй Къорнатæмæ дууæсæдæ бæхгиней хæццæ… Киристонгъæу еу лæги хузæн ниллæудтæнцæ Къорнати фарс. Ци амал ма нин адтæй? Раздахтан фæстæмæ. Нур ди корун, æма мин гæгъæди ниффинсæ инæлармæ, Къорнати куд бафхуæронцæ, уотæ.

– Уой туххæй мæнæй корун нæ гъæуй, Хадзимурзæ. Айдагъ дæу нæ бафхуардтонцæ Къорнатæ, æфхуæрди æфхуæрд мах ку бакодтонцæ.

Смайли ниффинста курдиадæ инæлармæ. Хадзимурзæ еци фæдбæл рандæ 'й Дзæуæгигъæумæ. Æ бæх ниуугъта æ фусунтæмæ, æхуæдæг инæлари къæнцилармæ рандæ 'й. Берæ æнгъæлмæ кæсун æй нæ бауагъта инæлар: æлдæрттæ паддзахи доги кадгин адтæнцæ. Хадзимурзæ æ ронæй раласта æ курдиадæ æма 'й балæвардта инæлармæ.

– Фегъустон дин дæ хабар. Финстонцæ мæмæ дæ бафхуæрди туххæй. Нальчикки зилди хецау Хъилисбити болкъон, уæдта Дзæуæгигъæуи зилди хецау дæр, – загъта инæлар æма Хадзимурзи курдиадæ бакастæй, уæдта ма æ дзубандимæ бафтудта: – Фал дæ курдиадæй ци рауайдзæнæй, уомæн ба дин нуртæккæ мæ бон неци зæгъун æй. Уой туххæй æма…

– Кæд дæу бон неци 'й аци гъуддаги, уæд ма мæ гъаст кæмæ бахæссон? Гъуддæгутæ еугурæйдæр – дæ къохи.

– Уомæй раст зæгъис, Хадзимурзæ, фал хецæуттæ дæр гъуддагмæ кæсунцæ закъонтæмæ гæсгæ. Закъон ба уотæ амонуй, æма кæд дæ кизгæ æхе фæндæй æскъæфт æрцудæй, уæд махæн нæ бон неци 'й.

– Мæ кизгæн Къорнатæ бакодтонцæ тухæ. Нæ 'й фæндадтæй, утемæй æй раскъæфтонцæ.

– Нæ зонун, Хадзимурзæ, фал мæнмæ уæхæн хабар иссудæй, цума дæ кизгæ æхе фæндæй скъæфт æрцудæй.

– Баруагæскæнуйнаг нæй еци хабар. Цалинмæ мæхе гъостæй фегъосон мæ кизгæн æ фæндæ, уæдмæ мин некæбæл ес бауунæндæн, – гъæддухæй загъта Хадзимурзæ.

– Мадта дин е ба мæ ихæслæвæрд, – загъта инæлар. – Æз дæ кизгæмæ къуæрей бонмæ фæдздзордзæнæн æма 'й бафæрсдзæнæн.

Инæлар рарвиста Киристонгъæуи хецаумæ – Бæтмæнти Дрисмæ: Къорнатæ къуæрей бонмæ сæ киндзи куд исхъæртун кæнонцæ Дзæуæгигъæумæ.

Хадзимурзæ нæбал рандæ 'й сæхемæ.

Къорнатæ æмгъуд бонмæ цæттæ кæнун райдæдтонцæ сæ киндзи. Дууæ кизги æма Хадизæт исбадтæнцæ тачанки. Кæстæр æнсувæр Салат фондзæхстони хæццæ исбадтæй бæхтæрæгæн. Лæгæмбалæн ба син бæхтæбæл сæ хæццæ рарвистонцæ Аслæнбеги, Тогъузати Цæрай æма ма еу къуар бæхгини, Къорнати хæстæгутæй.

Дуадæс сахаттемæ Къорнатæ гъæуама иссудайонцæ инæлари къæнцилармæ. Хадзимурзæ Дзæуæгигъæуи 'й, уомæн ба неци зудтонцæ. Къорнатæ нæма иссудæнцæ, утемæй инæлар фæдздзурдта Хадзимурзæмæ æма ин загъта:

– Нуртæккæ Къорнатæ ами уодзæнæнцæ. Кизги хæццæ дзубанди кæндзæнæн æз, ду ба дæхе баримæхсæ уартæ скъаппи фæсте æма уордигæй игъосæ.

– Хуарз, – загъта Хадзимурзæ æма бацудæй скъаппи фæстемæ.

Уæдмæ фæззиндтæнцæ Къорнатæ дæр. Инæлар сæмæ ку фæдздзурдта, уæд дууæ æнсувæри – Аслæнбег æма Салат æрбахудтонцæ Хадизæти. Аслæнбег – æд хуæрзеугутæ. Инæлар ин æ хуæрзеугутæ ку рауидта – дууæ крести æма майдан – уæд æй бафарста:

– Кæми сæ райстай?

– Япониий тугъди. Адтæн инæлар Мищенкой æфсади. Япойнаг болкъони райстон уацари, – загъта Аслæнбег.

– Е хуарз, хъæбæр хуарз. Гъе, фал Къуадзихъти æлдарæн тухмиуæ ке исаразтайтæ, уомæй ба хуарз нæ бакодтайтæ… Кизги бал ами ниууадзетæ еунæгæй, уæхуæдтæ ба бал æндæмæ рахезетæ. Ку уæмæ фæдздзорон, уæд æрбацæудзинайтæ, – рарвиста инæлар Аслæнбег æма Салати.

– Де 'скъæфти хабар мин радзорæ кæрæй-кæронмæ… Тухæй дæ куд раскъæфтонцæ Къорнатæ?.. Тæрсгæ ма кæнæ… Нæ дууемей æндæр ами неке ес…

– Мæ фидæ мæ нæ лæвардта Къорнатæн, фидмуггаг æнцæ, зæгъгæ. Къорнатæ мæмæ æрбацудæнцæ скъæфунмæ, фал сæ къохи нæ бафтудтæн. Римæхст адтæн мæ мади 'рвадтæлтæмæ. Уой фæсте мæ фидæ æма мæ хестæр æнсувæр Нану бафедудтонцæ æнæ мæн бафæрсгæй Хъарадзаути хæццæ. Нæ мæ фæндадтæй Хъарадзаутæмæ æма сосæггай фæххабар кодтон Аслæнбегмæ. Æма мæ фæлластонцæ…

**Нæ бæрæгбæнттæн сæ тæккæ «хуæрзадæдæр» бæрæггонд цæудзæнæй 20 октябри – хуннуй хуæруйнаггæнæги Бон. Бæрæггæй кæнунцæ 70 бæсти, сæ хæццæ – Уæрæсей дæр.**

***Номдзуд рагонкитайаг зундилæг Хун ЦЗЫЧЕН уотæ загъта:***
***«Нецæййаг адæймæгутæй æстауæн дзубандитæ исгъосуни бæсти син се 'фхуæрæн дзубандитæмæ игъосæ.***
***Ездон лæгмæ нимади дæр нæй ке нæ дæ, уой уинуни бæсти ин уæдта æ уайдзæфтæмæ игъосæ!..»***



– Дæхе фæндæй?

– Мæхе фæндæй! Ку мæ нæ фæндадтайдæ, уæд Аслæнбегмæ дæр нæ фæххабар кодтайнæ.

– Æма Кьорнатæ уе 'мсæр ку нæ 'нцæ, сау адæмæй ку 'нцæ…

– Æма уарзондзийнадæ муггагæй фæрсуй?

Хадизæт æ дзубанди нæма фæцæй кæронмæ, уотæ скъаппи фæстейæй рацудæй Хадзимурзæ. Хазидæт æ фиди ку рауидта, уæд фæттарстæй æма æхе æвваст инæлари фæсте раримахста, агъазæнгъæл.

Инæлар исистадæй æма æдзинæг никкастæй Хадзимурзæмæ. Хадзимурзæн æ уорс закъæбæл гæр-гæрæй калдæнцæ ставд цæстисугтæ.

– Корун ди хатир, инæлар, – унгæг гъæлæсæй ма исдзорун æ къохи бафтудæй Хадзимурзæн, æма уæнтæхъел æма сæргубурæй дуарæй рахизтæй. Аслæнбег æма Салат Хадзимурзи ку рауидтонцæ, уæд тагъд-тагъдæй фæммедæг æнцæ инæлари къæнцилармæ. Хадизæт æхе багæлста Аслæнбегмæ.

– Аци гъуддаги дæ, Кьорнайфурт, закъон нæ зулун кæнуй, кизгæн æхе фæндæ ке адтæй, уомæ гæсгæ.

Хадзимурзæ ба нецæй хæццæ рандæ 'й Дзæуæгигъæуæй дæр.

– Зæрдæдарæн нин некæбæл бал ес, – загъта Хадзимурзæ, æ хестæр фурт Нануйæн, Дзæуæгигъæуæй ку 'рæздахтæй, уæд. – Нæ маст нæхуæдтæ ку нæ райсæн Кьорнатæй, уæд нин æндæр амал нæййес. Æ тæрхон ба цубур æй – маргæ!

– Арази дæн дæ хæццæ, мæ фидæ. Æндæр тæрхони аккаг нæй Кьорнай-фурт.

– Хийнæй ибæл рацæун гъæуй. Ескумæ 'й расайун гъæуй ести рæуонæй, – загъта Хадзимурзæ. – Æндæр ин тухæй неци бакæндзинан…

Берæ нæ рацудæй еци дзубандий фæсте, уотæ ба Хадзимурзæ рарвиста Хъарадзаутæмæ, æма етæ дууемæй тæргæбæхæй фæззиндтæнцæ. Сæ еу – Хадизæт курд кæмæн адтæй, еци биццеу, æ ном уомæн дæр хундтæй Аслæнбег. Иннæ ба – Аслæнбегæн æ кæстæр æнсувæр.

Сæумæй Хадзимурзæ æма Хъарадзаути æнсувæртæ тачанки бадтæнцæ, Нану ба саргъи бæхбæл, уотемæй рараст æнцæ. Æргинарæгæмæ ку 'рбахъæрдтæнцæ, уæд Хадзимурзæ æма Хъарадзаути æнсувæртæ иссудæнцæ Дзæуæгигъæумæ. Нану ба раздахтæй рахесæрдæмæ, Æфси къубури рæзти Киристонгъæумæ.

Æргъау куд æрбаскъардтонцæ, уотæ Нану дæр æрхизтæй Кьорнати тургъи. Салат сæхемæ нæ разиндтæй, фал иуазæгмæ рауадæй Аслæнбег.

– О-о, иуазæг, медæмæ! – бацийнæ кодта æ кайиесбæл æма ин медæмæ загъта.

Нану исиста нимæт, æ гæрзтæ æма сæ Аслæнбегмæ равардта, æхуæдæг медæмæ бацудæй. Æ хъури никкодта æ хуæри æма æ цохъай дуси кæронæй æ цæстисугтæ расæрфта.

– Бахатир мин кæнæ, фал мæ хуæртæ æма ме 'нсувæртæй Хадизæти бæрцæ неке уарзун, – æрæгиау загъта Аслæнбегæн.

– Куд æй нана... мæ еунæг хуæрæ Фаризæт? – Хадизæт дæр æ цæстисугтæ сæрфгæй бафарста Нануй.

– Неци син æй, дзæбæх æнцæ еугурæйдæр Хуцауи фæрци, – загъта Нану.

– Мæ фидæй дæ нæ фæрсун… Зонун æй, ке мин нæ ниххатир кæндзæнæй…

– Тобæ, зæгъæ, мæ уарзон хуæрæ… Рæдуйис нæ фиди туххæй. Раст зæгъун гъæуй, зин ин адтæй, фал фат ку фехсай, уæд ма ин кæми ес фæстæмæ раздахæн? Нур ами дæр мæ фиди зундæй дæн… Тог тогæй не 'хснадæуй…

Аслæнбеги цæсгонбæл медбилтихудт рагъазта.

– Бадгæ искæнæ, мæ сиахс, æз дин мæ хабæрттæ ракæнон, – Нану æ фарсмæ æрбадун кодта Аслæнбеги. – Нæ фидæ нуртæккæ Дзæуæгигъæуи æй, мæн ба дæумæ рарвиста. Гъæуама нæ дууæ дæр сахармæ' иссæуæн æма уоми бафедауæн. Уæдта нæ хуæрæн дæр киндздзæгтæ балхæнун гъæуй æма ин, куд æнгъезуй, уотæ æгъдау искæнæн.

Хадизæт лæмбунæг игъуста нæлгоймæгти дзубандимæ æма æ цæсгони хузæ раййевæ-баййевæ кодта, æ цæстингасбæл бæрæг адтæй, сæ дзурдиуагæ æма æуууæлтæ æ зæрдæмæ ке нæ цудæнцæ, фал сæмæ дзорун ба неци фæразта. Аслæнбег Нануй фæндонбæл ку исарази æй, уæд Хадизæт сабургай исистадæй æма, æ къахдзæфтæ нимайгæй, сæргубурæй рахизтæй сæ разæй æма æ уатмæ бацудæй.

Еу афони иуазæг нихкустæй æма Аслæнбег дæр æ уатмæ бацудæй. Кæсуй æма Хадизæт хæкъурццæй кæуй.

– Ци нæбæл æрцудæй, æви дин де 'нсувæри фæууиндæ гъулæг адтæй? – ходæнбилæй бафарста Аслæнбег.

– Аслæнбег, мæ царди нивæ, ехи буни гъæр дон некæд цæуй, зæгъгæ, фидтæлтæ уотæ дзориуонцæ. Сайдæй дæбæл цæунцæ, æнгъæлдæн… Мæ зæрдæ 'й зонуй… Æууæнкæ сæбæл нæййес. Бахуæрунвæндæ дæ искодтонцæ, – Аслæнбеги дæлхъур æхе раниуæрста Хадизæт.

– Цитæ дзорис, дæ хуарзæнхæй, Хадизæт! Хадзимурзæ балæдæрдтæй, гъуддагæй ке нецибал рауайдзæнæй, уой æма 'й бафедауни туххæй æрбарвиста.

– Ма кæнæ, Аслæнбег, сайд дæбæл цæуй! – никки федардæрæй загъта Хадизæт æма Аслæнбегбæл æ лæмæгъ къабæзтæ æрбатухта, цума ин райервæзунæй тарстæй, уотæ.

Уотæ дзубандигæнгæ сæбæл æрбон æй. Сæумæй фестадæй Аслæнбег æма Тогъузати Цæрайммæ бауадæй. Ракодта ин æ хабар.

Цæрай, Аслæнбег æма Нану æртемæй саргъи бæхтæбæл рабадтæнцæ, æма æд гæрзтæ фæрраст æнцæ Дзæуæгигъæумæ. Хадизæти ма бæргæ фæндадтæй Аслæнбегæн хуæрзбон зæгъун, фал е дæр æ къохи нæбал бафтудæй, нæ ин фæцæй фадуат. Къæразгæбæл бæргæ æхе ниццавта, ку фæцæйцудæнцæ, уæд, фал ма Аслæнбегæн рауидта айдагъдæр æ бæхи къæдзелæ.

Æртæ бæхгини æрфусун кодтонцæ иуазæгути тургъи. Аслæнбег бацудæй æма уат баххурста. Нануй хæццæ бацудæнцæ уатмæ, Цæрай ба бæхтæ раласта Кузнецкийи гъæунгæмæ.

Цийнæ кодтонцæ кæрæдзебæл Аслæнбег æма Нану диванбæл бадгæй. Уæдта Аслæнбег фестадæй, æ тохæн дзаумæуттæ – ронæ æма дамбаца райхæлдта æ астæуæй æма сæ стъолбæл æрæвардта, раласта æ цохъа æма 'й ауиндзæнбæл исауигъта.

– Мæ уарзон каййес, æнкъард ма кæнæ, æз хуæрæндон æрдæмæ бакæсон, – дзоруй Нанумæ. Æма дуарæй рахизтæй.

Нану еунæгæй байзадæй. Разелæ-базелæ ракодта хæдзари къумти, къæразгæй æндæмæ ракастæй, æма ку базудта Аслæнбег хæстæг некæми æй, уой, уæд стъолбæл дамбаца æ хумпъурæй исласта æма ин тагъд-тагъд нæмгутæ æ къохмæ æркалдта, уæдта 'й фæстæмæ æ бунати рафснайдта. Æ хузæ фæццудæй Нануйæн, уотемæй диванбæл æрбадтæй. Уæдмæ Аслæнбег æрбахизтæй, æ къохи дууæ шампайнаг авги, æ фæсте ба æрбахизтæй еу силгоймаг, æ къохи тæбæгъ, хуæруйнæгтæй е 'дзагæй.

Силгоймаг салам равардта Нануйæн. Нану диванæй фестадæй, тæбæгъ райста æма 'й стъолбæл æрæвардта. Силгоймаг раздахтæй.

Аслæнбег стъолæй райста хъæма, дамбаца, ронæ. Æрæвардта дууæ авги. Нанумæ фæккастæй æма имæ дзоруй:

– Дæ хузæ ци кæнуй, ести дæ ресуй?

– Мæ ахсæн мæ хъор кæнуй, – æ губунмæ февналдта Нану.

– Нуртæккæ 'й радзæбæх кæндзинан, – авгæ исиста стъолæй Аслæнбег, агувзæмæ си рауагъта æма 'й Нанумæ дæттуй. – Раниуазæ, æма дæ кæд исуадзидæ.

Æхецæн дæр рауагъта æма фæйнæ баниуазтонцæ. Аслæнбег карк æркъуæхтæ кодта æма хуæрунбæл æрбадтæнцæ. Нану, æ ходи бунти кæсгæй, æ губунмæ февналæ-февналæ кæнуй.

– Нæма дæ исуагъта дæ ахсæн? – фæрсуй Аслæнбег.

– Минкъий мин фенцондæр æй, фал мæ уæддæр хъор кæнуй.

Аслæнбег фæстæмæ байдзаг кодта дууæ агувзи æма Нанумæ дзоруй:

– Мæнæ-ма еу баниуазæ æма уæд фæррæвдзæдæр уодзæнæ.

Хуæрд ку фæцæнцæ, уæд Аслæнбег бадзурдта хуæрæндони косæгмæ æма силгоймаг бафснайдта стъол.

Бон изæрæрдæмæ ракъолæ 'й. Аслæнбег æма Нану искодтонцæ сæ дзаумæуттæ æма иуазæгдонæй рахизтæнцæ, сахари ратезгъо кæнæн, зæгъгæ. Цæрай сæбæл фембалдæй гъæунги, æма имæ Аслæнбег дзоруй:

– Бæхтæн сайæн радтæ.

Цæрай тегъæй фæззилдæй, дуарæй нæма бахизтæй бæхтæмæ, уотæ топпи гъæр фæццудæй. Нану æ галеу къохæй Аслæнбеги дæларм хуæстæй, рахес къохæй ба æ дзиппæй дамбаца исласта æма 'й Аслæнбеги ронбастмæ ниццавта, æхуæдæг ралигъдæй. Аслæнбег дамбаца фелваста бæргæ:

– Гиауртæ, хийнæй мæбæл рацудайтæ!

Фал си фат нæ разиндтæй. Фехста дамбаца, хъæма исласта æма 'й фæссоруй, фал ибæл уæдмæ фæстеггæй нæмгутæ низгъæлдтонцæ Нануй æмбæлттæ. Дæлгоммæ æрхаудтæй Аслæнбег. Цæрай топпи гъæрмæ бæргæ фæттагъд кодта, фал байрæги 'й. Фæллæбурдта ма цæф лæгмæ. Цалдæр загъди ма исхаудтæй Аслæнбеги цъухæй:

– Хийнæй рацудæнцæ гиауртæ… Мæ тог мин ма нииуадзетæ… Салат… Хъарадзау… фурт… – æма æ уод исиста.

Ци гæнæн ма адтæй. Марди бамбæрзта Цæрай нимæтæй. Сæумæй Аслæнбегæн искæнун кодта цæнгæт кирæ. Батухта 'й нимæти æма 'й исæвардта файтони, æ бæх ин бабаста файтони фæсте, æхуæдæг ба æ фарсмæ цудæй, уотемæй мард æрласта Æрæдонмæ.

Æрæдонæй Цæрай рарвиста Кьорнатæмæ гъæргæнæг. Берæмæй рацудæнцæ Киристонгъæу зиани размæ. Уорсдони донибилæмæ ку исхъæрдтæй мард, уæд кирæ райстонцæ файтонæй æма 'й сæ усхъитæбæл, кæрæдзей æййевгæй, Кьорнати тургъæмæ исхастонцæ.

Нæлгоймагæй, силгоймагæй аллирдæмæ низмалдæнцæ. Фæрсаг гъæутæй адæм цудæнцæ бæхтæбæл, уæрдунти, фестæгæй. Еу къуар нæма фæцæй е 'гъдау лæвæрд, уотæ бабæй æй иннæ къуар баййафидæ – æнæскъунгæ цудæнцæ æма цудæнцæ мæрддзогойнæ.

Кьорнатæ пусулмон ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ сæ мæрдтæбæл саугин некæд аргъудта. Киристонгъæуи ба молло нæ адтæй, уомæ гæсгæ Аслæнбеги нигæдтонцæ æнæ саугинæй, æнæ моллой аргъудæй. Кири размæ бакодтонцæ Хадизæти æма Аслæнбеги бæхи фæлдесунмæ. Зæронд лæг райста устур хъæзин къос бæгæнийæй идзаг æма бæх ниффæлдиста. Рохс загъди фæсте хъæзин къос бæхи къахбæл ниццавта æма ниппурх æй. Уæдта Аслæнбегæн æ еу æмбал бæхбæл æхе багæлста, ниццæфтæ 'й кодта æма бæрæги арвиталингити раскъафта. Зæронд лæг райста кæрдæн æма Хадизæти сæри хелæй галеу сæрифахсæй дзæвгарæ бундзуг ралух кодта æма 'й Аслæнбеги галеу дзиппи ниввардта, гъома, Аслæнбег мæрдти бæсти гъæуама Хадизæти хæццæ еумæ уа.

Уæдмæ адæм рауидтонцæ: гъæуи 'рдигæй еу барæг, æ бæх цъилеппитæгæнгæ, гъæлæсидзагæй гъæр кодта, уотемæй скъардта. Адæм кæсунцæ бæхгинмæ, ка уа, ци уа, зæгъгæ. Барæг разиндтæй Аслæнбеги кæстæр æнсувæр Салат. Е къуар бони сæхемæ нæ адтæй. Нур фæззиндтæй æма хабар ку базудта, уæд тæргæбæхæй рафæдес кодта уæлмæрдтæмæ æд гæрзтæ. Æргæпп кодта бæхæй æма æхе еци-еу гæлст бакодта кирæбæл, дууæ къохемæй æй ниххуаста æрдеуагæгæнгæ: «Ци хомух разиндтæ, Аслæнбег, куд хийнæй дæбæл рацудæнцæ еци мæнгард æлдæрттæ!»

Берæ фæггузавæ кодта. Уæдта хеуæнттæй кадæр бацудæй æма ибæл исхуæстæй:

– Кæунæй нецибал бакæндзинан, мæ хæдзарæ.

Салат исистадæй, исиста æ ходæ, исласта æ хъæма æма 'й æ рахес къохи бæрзонд исиста:

– Мæ хъазар æнсувæр Аслæнбег! Мæнæ хуарз адæм! Æз абони бон, аци уæззау сахат – мæ хъазар æнсувæр Аслæнбеги уæлгъос ард хуæрун, сумах мæ 'вдесæн: абонæй фæстæмæ сæрдæй, зумæгæй æз мæ сæрбæл нæбал никкæндзæнæн ходæ, мæ нивæрзæн ба баз. Мæ закъæбæл нæбал бамбæлун кæндзæнæн сæрдасæн, цалинмæ Хъарадзаутæ æма Къуадзихъти æнæмуггаг фæккæнон, уæдмæ! Мæрдти дин бæхæй фæццæуон, мæ хъазар æнсувæр, æз дин дæ тог ку нæ райсон, уæд!

***(Уодзæнæй ма).***



**Еума дессаг бæрæгбон ба бæрæггонд цæудзæнæй 21 октябри – хуннуй фæткъуй Бон. Уæхе фæххинцетæ аци анзи нæуæг тиллæги фæткъутæй æма уонæй конд хуæлцæй.**

*Зундгонд ирон поэт ЦÆРУКЪАТИ Александр (1918-2000) уотæ финста: «Къоста адæмон æй æ бæгъатæр цардæй, е ‘сфæлдистади фиццаг ракъахдзæфтæй æма фæстаг исуолæфти уæнгæ. Хуæнхаг фæллойнæгæнæг адæми меддуйне, уой хæццæ еугур бæстити æфхуæрд дзиллити сагъæстæ, бæлдитæ, сæ карнæ – æ зарти лейтмотив».*

# «Ка дин не ’скæндзæнæй кадæ...»



Номдзуд Къоста е ‘мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Иу бон æгъгъæд у мысынæн, / Иу бон кæндзыстут мæ дзырд, / Уый фæстæ ферох уыдзынæн, – / Ничиуал зондзæн мæ цырт...*

Æ еци зæрдхъурмæ загъдæй Къоста æгириддæр раст нæ разиндтæй – æ фæсмæрдæ нæ Иристони дзиллæй нæ феронх æй, агъазиау кадæ ин кодтонцæ æма кæнунцæ берæ рауæнти. Е бæлвурд æй уомæй дæр, æма нæ финсгутæй уой рохс ном сæрмагондæй финст уадзимистæй ка нæ исцитгин кодта, уæхæн си, æвæдзи, нæ разиндзæнæй.

Уони сæ еугурей абони нæ газети ниммухур кæнунæн равгæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си равзурстан еу цалдæр, нæ национ литератури классиктæ Гурджибети Блашка, Малити Геуæрги, Багъæрати Созур æма Гулути Андрейи финст æмдзæвгитæ.



**ГУРДЖИБЕТИ Блашка**

(1868-1905)

## КЪОСТА

Ка дин не ’скæндзæнæй кадæ,
Ка дин нæ ратдзæнæй æгъдау?
Ка сдзурдта, ниййергæй нæ мадæ,
Адæммæ йе ’взагæй дойау?

Тари, гъæуаггин – чирагъæй,
Скодтай æй дæ мæтæ, дæ уаргъ,
Фæйхастай æнцон дæ рагъæй,
Зонгæй йин æ уæжи æ йаргъ.

Ра ’йбæл игурдтай фæндури
Пахампарæн нин сувæллон...
Фæсмæрунцæ ’й хонх, будури,
Ирæ ’ма Дигорæ дæ ном.

Нæ уинуй дæ хæстæгмæ нæ цæстæ,
Йизолмæ йигъосуй дæ нæ гъос, –
Арфæгондæй дин нæ бæстæ
Мижди æрветуй æ боз!



**МАЛИТИ Геуæрги**

(1886-1942)

## ПАМЯТИ КОСТА

Тая в душе свои страданья,
О брате меньшем он скорбел,
И стих его – души сверканье –
Металлом плачущим звенел.
Поборник чаяний народа,
Он пел, что правда и любовь,
И звезд сияние – свобода –
Живут не там, где льется кровь,
Что в царство высшего сознанья
Нас может весть не грубый меч,
А мысли творческой созданье,
Живая творческая речь.
Как облик мощного титана,
Сверкая льдами, как алмаз,
Внимал ему из-под тумана
Седой таинственный Кавказ.
Умолк, – но стих его певучий
В сердцах людей еще звенит,
И миру темному сквозь тучи
О солнце вечном говорит.



**БАГЪÆРАТИ Созур**

(1888-1928)

## КЪОСТАЙ ФÆСМÆРДÆ

Хуæрзигурд лæг, бæстæ уарзгæй,
нæ фæммæлуй хуæрзззæрæй.
Æвæццæгæн, гъезæмарæй
рæхги мæлун хуæздæр æй.

Нур дæр ма нин ку цардайдæ, –
бæргæ нæ гъудæй æ сæр.
Уæд абони игъустайдæ
нæ бæрзонд хуæнхтæй æ гъæр.

Æ фудæбон æ уарзонтæн
нихххæлар æй сæ фæндон.
Æ фæсмæрдæ нæ мæгуртæн
исаккаг æй цæрæнбон.

Æ фæсмæрдæ зæрдирайгæй
æстугути ирæзæн.
Нæ фæлмæн цъух зæрди дуар æй,
нæ цъухæй æй имисæн.



**ГУЛУТЫ Андрей**

**(1892-1980)**

## КЪОСТАЙÆН

Райгуырæн урс хæхтыл сау мигътæ ’рбадтысты…
Баталынг бон.
Адæмы хъарджытæн, адæмы тухийæн
Нал уыд кæрон
Рацыдтæ иунæгæй… «Додой» ныззарыдтæ, –
Федтай зын цард…
Де знаг дæ ахаста дардмæ дæ адæмæй,
Кодтай æнкъард.
Бацыдтæ карз тохы… Рухс бон нæ фенгæйæ,
Ссардтай мæлæт.
Ингæнмæ ахастай зарджытæ – хъарджытæ,
Адæмы мæт…
Акæс ныр дунемæ… Акæс: дæ марджытæ
Фесты сæргой.
Нал нæм ис паддзæхтæ, нал ис тыхгæнджытæ.
Фесæфт сæ кой.
Махæн нæ быдырты, махæн хохбæсты
Нал ис æлдар.
Царды уаг бархийæ аразынц, дзыллæтæ –
Райстой сæ бар!

**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2318**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.09.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.10.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**